

AVI SOU ODYANS PIBLIK OSIJÈ

Sant medikal Nashoba Valley
200 Groton Road, Ayer, MA 01432

Ministè pou sante piblik Massachusetts la (Massachusetts Department of Public Health) (« Ministè » a) resevwa avi ki di Steward Health Care System gen lentansyon fèmen Sant medikal Nashoba Valley a ki nan Ayer, MA.

Ministè a ap gen odyans piblik an vèti atik 105 CMR 130.122(D), toude an pèsòn e vityèl nan konferans nan telefòn, pou ede piblik la gen aksè ladan. Odyans sa yo pa gen fòm jiridik men y ap yon fowòm piblik pou prezantasyon tout kòmantè ki gendwa itil nan konsiderasyon chanjman Ministè a pwopoze.

Odyans an pèsòn la ap fèt **jedi 15 out 2024 a 6:00 p.m.**, nan Devens Common Center, 31 Andrews Parkway, Devens, MA 01434.

Ki jou : jedi 15 out 2024
Ki lè : 6:00 p.m.
Ki kote : Devens Common Center, 31 Andrews Parkway, Devens, MA 01434

Odyans vityèl la ap fèt **lendi 19 out 2024 a 6:00 p.m.** Manm piblik la e lòt pati ki enterese gendwa patisipe nan odyans lan nan telefòn apati enfòmasyon ki annapre la a :

Ki jou : lendi 19 out 2024
Ki lè : 6:00 p.m.
Nimewo telefòn : 800-593-9954
Modpas : 3281952

Kòmantè alekri sou sijè sa a gendwa soumèt bay Department of Public Health, Division of Health Care Facility Licensure and Certification, Attn: Licensure Coordinator, 67 Forest Street, Marlborough, MA 01752 oubyen nan imèl bay HFLLicenseAction@Mass.Gov. Kòmantè ap aksepte jouk minui sonnen le 19 out. Tout kòmantè alekri ki soumèt bay Ministè a gendwa afiche sou sit entènèt Ministè a e gendwa distribye kòm repons nan demann pou dokiman piblik.